ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№234 (23.642) ● 2017 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 6, бзэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ●И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министру гъэувын **Бештокъуэ Жыр-Аслъэн Хьэмидбий** и къуэр.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м
№155-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ **унафэ щIэ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкIауэ хэтхэм ятеухуауэ» 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы хэгъэхьэн Бештокъуэ Жыр-Аслъэн Хьэмидбий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м
№ 156-УГ

Неверов Сергей къыхилъхьащ школакIуэхэм нэхъ тэмэму ядэлэжьэн хуейуэ



Ныбжьыщlэхэм ящыщу наркотикхэр зэзыхьэлIэу хуежьахэр нэхъ пасэу къахутэху нэхъ мащIэ хъунущ а гъным и узыфэм иубыдэхр. Апхуэдэу къелытэ «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу Къэрал Думэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэм.

БЛЫЩХЬЭ кIуам, дыгъэгъазэм и 4-м, Къэрал Думэм щекIуэкIащ «Парламентархэр наркотикхэм я бийщ» конференцыр. Абы и пленар зэIущIэм къыщыщыпсалъэм Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэм и унафэщI Неверов Сергей жиIащ: «Наркотикхэр щымыIэмэ, унагъуэ зэтекъутахэр, зи гъащIэр къута щыхухэр щыIэнухъым».

Къэпсалъэм къыхигъэщащ наркотикхэмрэ терроризмэмрэ къэралым къытехьэ шынагъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къызэрилытэр. «Наркотикхэр зыщэ цIыху щIэпхъаджэхэм къалэрыхьэ хэхъуэм и нэхъыбапIэр террористхэм я зэгучъэныгъэхэм трагъэкIуадэ. Мы Iуэху шынагъуэм зэпымыуэу зеубгъу, наркотикхэмрэ абыхэм ялэпъыта щхьэхъуэмрэ махуэ къэс щIэуэ къоуэнэху. Абы папщIэ щIэныгъэмрэ технологиемрэ я къэхутэныгъэщIэхэр къагъэсэбэп, мы лэжьыгъэр ахъшэм емыблэжу къызэрагъэпщэ бизнес шынагъуэр мылъку хэкIыпIэ зыщIахэм»,- жиIащ абы.

Неверов Сергей къыхигъэщхьэхукIащ наркотикхэм земыгъэубгъуным хуэгъэза хабзэхэр къэщтэнкIэ «Урысей зэкъуэт» фракцэм хэт депутатхэм я дежкIэ Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. «Ди фракцэм Урысейм и щIыналъэ псоми ящыщу депутат 340-рэ къызэщIеубыдэ икIи абыхэм яхэткъым наркотикхэм унагъуэхэм къыхуахь гъэзэгъуэм и инагъыр къызыгурымыIуэ», - жиIащ абы.

Фракцэм и унафэщIым конференцым хэтахэм гу лъагорIэтащ иджыпсту зыубгъуауэ къэралым исхэр зытепсэлъыхь Iуэхум - наркотикхэр къэзыгъэсэбэпхэр нэрылъагъу къэзыщI социально-психологие тестхэр курыт аджапIэхэм щIэсхэм я деж фIэкIыпIэ имыIэу щегъэжьауэ щIыным - теухуам. «Наркотикхэр зэзыхьэлIэ ныбжьыщIэхэр нэхъ пасэу наIуэ къащIыху а щхъуэ бзаджэм иубыдхэр нэхъ мащIэ хъунущ. Мы хабзэр къащтэмэ, дохутырхэм, психологхэм, адэ-анэхэм, социальнэ лэжьакIуэхэм дэтхэнэ зы сабийри а гуэзвэгъуэшхуэм щыхъумэнымкIэ куэд зэфIагъэкIыфынущ. Мис апхуэдэ жэрдэм къыхалъхьащ, ауэ абы нэхъ куууэ хэплъэн хуейщ адэ-анэхэри, медицинэм и лэжьакIуэхэри, психологхэри»,- къыхигъэщхьэхукIащ Неверов Сергей.

Наркотикхэм ятещIэтыным и лъэныкъуэкIэ Урысейм щызэфIагъэкIэр мащIэкъым. Президентым и жэрдэмкIэ 2010 гъэм къащтащ 2020 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм наркотикхэм ятещIэтынымкIэ и къэрал стратегиер. Ар сэбэп хъуащ къэрал властым и органхэмрэ щIыхубэмрэ я къарухэр наркотикхэм земыгъэубгъуным хуэзыгъэIуфэнымкIэ. 2014 гъэм мэлыжьхьым и 15-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищтащ «Хабзэм къемызгъэбыу наркотикхэр зэрызэблагъэкIым пэщIэтыныр» къэрал программэр. А программэм ипкъ иткIэ къэрал системэ пыухыкIа зэтраГъэувэ, наркотикхэм дахьэхахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьным телэжьын папщIэ.

«Урысей зэкъуэт» урысейлсо политикэ партым и пресс-Iуэхущlапlэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Къалэнхэр и пIалъэм зэфIагъэкIыным йогугъу

КЪБР-м и Iэтащхьэм деж Инвестицэхэмрэ хъэрычэт Iуэхухэмкlэ щыIэ советым и зэIущIэ иджыблагъэ КЪБР-м и Правительствэм щехыеIэкIащ. Абы хэтащ КЪБР-м и Iэтащхьэм инвестицэ политикэр пхыгъэкIыныгъэ инноваци хэмкIэ и лыкIуэ хэха Къармокъуэ Хьэчим, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, районхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м ЭКОНОМИКЭ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** тепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэм деж инвестицэхэмрэ хъэрычэт Iуэхухэмкlэ щыIэ Советым 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм щаубыхуа къалэнхэр зэрагъэзащIэм. Псалъэм папщIэ, Прохладнэ районым и щIыпIэ администрацэм зыхуагъэзауэ щытащ щэкIуэгъуэм и 29 пщIондэ Учебнэ къуажэм и генеральнэ планым Гъущ гъэзэгу екIуэлIапIэхэр щыхуэныр хагъэхьэну, щIыналъэм и схемэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну, «Къэббалъкъвольфрам» акционер зэгучъэныгъэм Iуэхущlапlэщ1э иухуэн папщIэ, бэджэндау щы зэрыратыну щыкIэм егупсысыну. Рахаевым къыхигъэщащ а Iуэхуэхэм муниципалитетыр егупгъуу зэрыбгъэдыхьар, уеблэмэ хуагъэува пIалъэр имыух щыкIэ зэрызэфIагъэкIар.

- Мэкъумэшым хухах щы Iыхьэхэм ящыщ промышленностым, энергетикэм, транспортым, нэгъуэщI Iуэхуэхэм папщIэ къагъэсэбэпыну хуиту къыщыгъэлъэгъуа тхьилъхэр мы зэманым хьэзыр хъуащ икIи «Къэббалъкъвольфрам» Iуэхущlапlэм ар бэджэнду къыззрищтэнум теухуа проектыр едгъэхьащ. ЗэгурыIуэныгъэм Iэ тридза нэужь, Iуэхущlапlэм ухуэныгъэхэм щIидзэну хуит зыщI дэфтэрхэм дыхэпльэнущ, - жиIащ Рахаевым. - ДыхэрепльымкIэ, нэхъ тэмэму къыдолытэ зэгурыIуэныгъэм пIалъэ пыухыкIахэр Iуэхущlапlэм къыщыхуэдгъэлъэгъуэныр, абы къриубыдэу я къалэнхэр ямыгъэзащIэмэ, бэджэнду ирата щы Iыхьэр къылекъыхьпхъэу. Щынэмыщlауэ, зеиныгъэр зи жэрдэмым и къалэн псори зэфIимыгъэкIауэ, щIыпIэм сыт хуэдэ хэхъуэ къыхуихыныуми къэдмылъытауэ а щIыр ещэпэным демыпIэщIэкIыну ди мурадщ.

Рахаев Борис жиIащ Шэджэм, Iуащхьэмахуэ районхэм хабзэ щхьэхуэкIэ щаубзыхуу, абыхэм ятещIыхьауэ муниципалитетхэм инвестицэ Iуэхухэр зэрыщефIакIуэр къапщытэну пщэрылъ зэрыхуащIар. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, ар ягъэхьэзыращ икIи мы зэманым КъБР-м и прокуратурэм щIэлъщ.

КъБР-м ухуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммуналынэ Iэнатlэхэмрэ гъэзгу хозяйствэмкIэ и министр **Къуныжь Вячеслав** Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ зыбжанэм Щэнхабзэмкlэ унэхэр зэрыщауэхуэм и гугъу щищIым жиIащ абыхэм я бжыгъэр 10 зэрыхъэр, лэжьыгъэхэр псори зэхэту мы зэманым процент 90-м нэскIэ зэрагъэзэщIар. Министрым зэрыжиIамкIэ, Чыщбалъкъ къуажэм щаухуэр нэхъ къакIэроху, ауэ унафэщIхэр щогугъ дыгъэгъазэм и 15 пщIондэ щыткIэм зрагъэхъуэжыну.

Мы зэманым зэлэжь Iуэху нэхъыщIхьэхэм икIи нэхъ гугъуэхэм ящыщу Къуныжьым къыхигъэщащ Нарткъалэ псы фIейхэр зыгъэкъабзэ и бжьамийхэр зэрызэрагъэпэщыжыр. «2017 гъэр щIыуэпсыр хъуэмыным и илъэсу зэрыщытыр хъэплъытэмэ, мы Iуэхум гулъытэ хэха егъуэт. Лэжьыгъэхэр процент 73-кIэ ягъэзэщIащ, сыхуейт ар зи пщэ дэлъхэм фIыщIэ яхуэсщIыну», - дыщIигъащ Къуныжь Вячеслав.

Министрыр тепсэлъыхьащ республикэм туризмэм зэрызыщрагъэужьыми. Абы ехпауэ республикэм и гъэзгуэхэр зыхуей хуагъаз, «Зэрэгъыж» зыгъэпсэхупIэмрэ «Ищхъэрэ» автовокзалымрэ ухуэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ йокIуэкI.

- «Къуажэхэм зегъэужьыным и Iуэхукlэ» программэм ипкъ иткIэ, Iуэхущlапlэу 9-м должкъ. Абы хохьэ Псынэдахэ къуажэм щауху Щэнхабзэмкlэ унэр. КъызэрытщытамкIэ, ар зытещIыхьа пIалъэм мащIэу къыкIэроху, адрейхэм щытыкIэр щытэмэщ, - дыщIигъащ министрым.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и инвестицэ Iуэхуэхэм 2030 гъэ пщIондэ агъуэтыну зыужьынигъэм, нэгъуэщIхэри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЩIалэгъуалэм папщIэ

«Iуэху зыщIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и жэрдэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ зэIущIэ щхьэпэ. Абы къыщыдзэрагъэпэщащ «ЩIалэгъуалэр лэжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымкIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ Iуэхущlапlэхэмрэ яIэ зэпыщIэныгъэхэр» зыфIаща зэхуэсыр.

УНИВЕРСИТЕТЫМ и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Бэрбэч Албэч хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, студентхэм яхуэзащ Маркетинг агентствэм и пашэ **Гузеевэ Индирэ**, «Сады Эльбруса» ООО-м и коммерческэ унафэщI **Iэрыпщэ Лианэ**, «Гарантстрой» компанием сатумкIэ и къудамэм и унафэщI **Тхьэлыджокъуэ Аскэр**, «Маяк» санаторэм и пашэ **Мамаевэ Галинэ**.

«Стlол хъурей» щыкIэм тету екIуэкIа зэIущIэр къызэIуихащ КъБКъМУ-м егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор **Къудей Руслан**. Абы къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ икIи лэжьыгъэ купщIафIэ кърахьэлIэну екъуэхъуащ. Зэхуэсым жьыджэру хэта щIалэгъуалэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщ еджэныр къаухауэ, лэжьапIэ щыувкIэ, зрихьэлIэ гугъуехьэр. Абыхэм я жэуапу къэпсэлъащ лэжьапIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм къыхагъэщащ Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ зэрабгъэдэлъыпхъэм нэмыщI, Iуэхум тегушхуауэ, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу унафэщIым и пащхьэ иувэн зэрыхуейр.

Еджапlэ нэхъыщхьэр къэзыух студентхэр абыхэм ирагъэблагъащ зи пашэ Iуэхущlапlэхэм, практикэ зэманым абы щылэжьэн папщIэ.

КъАРДЭН Маритэ.

«Налогхэр нэхъ къызэрыгуэкI хабзэм тету зэрыпралъхьэ щIыкIэр къыщагъэсэбэпым и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ставкэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м

1 статья

«Налогхэр нэхъ къызэрыгуэкI хабзэм тету зэрыпралъхьэ щIыкIэр къыщагъэсэбэпым и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ налог ставкэхэм я Iуэхукlэ» 2009 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №22-РЗ-м и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи ар мы къыкIэлъыкIуэм хуэдизу зыгъэув:

«2 статья. Налог ставкэр

Налогхэр нэхъ къызэрыгуэкI хабзэм тету зэрыпралъхьэ щIыкIэр къыхэзыхахэм икIи яIа хэщIхэр зыхэгъэкIыжа хэхъуэхэр зыхуэдизым елъытауэ налогхэр зытхэм папщIэ а налогхэр мы къыкIэлъыкIуэхэм хуэдизу ягъэув:

1) налогхэр зытехуэ лъэхъэнэм хуэзэу ахэр процентэ 7 хъуэу ягъэув:

а) продукцэу (лэжьыгъэу, Iуэхутхьэбзэу) ящам сом мелуани 10 иримыкъу къыщIэзыхахэм папщIэ;

б) продукцэу (лэжьыгъэу, Iуэхутхьэбзэу) ящам сом мелуани 10-м щIигъу, ауэ сом мелуан 30 иримыкъу къыщIэзыхахэм я продукцэ зиIэхэм, дэтхэнэ зы лэжьакIуэми хуэзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ику ягъэ щат лэжьапщIэм нэхърэ мынэхъ мащIэ езытхэм папщIэ;

в) продукцэу (лэжьыгъэу, Iуэхутхьэбзэу) ящам сом мелуан 30-м щIигъу, ауэ сом мелуан 80 иримыкъу къыщIэзыхахэм, ику иту лэжьакIуэу 20-м щIигъу зиIэхэм, дэтхэнэ зы лэжьакIуэми хуэзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ику иту щат лэжьапщIэм нэхърэ мынэхъ мащIэ езытхэм папщIэ;

2) налогхэр зытехуэ лъэхъэнэм хуэзэу ахэр процент 15 хъуэу ягъэув

продукцэу (лэжьыгъэу, Iуэхутхьэбзэу) ящам сом мелуани 10 иримыкъу къыщIэзыхахэм папщIэ;

3) налогхэр проценти 10 хъуэу ягъэув мы статьям и пунктхэу 1-мрэ 2-мрэ къыщымыгъэлъэгъуахэм папщIэ.».

2 статья

Мы Законым 2018 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ, ауэ официальнэу къыщыгъэзащ щегъэжьауэ зы мазэ мынэхъ мащIэ дэкIа иужь кьару егъуэт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м
№44-РЗ

«Iуэхущlапlэхэм я мылъкум тралъхьэ налогым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ, 4-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м

1 статья

«Iуэхущlапlэхэм я мылъкум тралъхьэ налогым и Iуэхукlэ» 2003 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м къащта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №102-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 2-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пунктхэу 3-мрэ 4-мрэ мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу зэхъуэкIын:

«3) 2007, 2008 гъэхэм - процент 1,8-рэ;

4) 2019 гъэмрэ адэкIэ къыкIэлъыкIуэ илъэсхэмрэ процентэ 2,0-рэ.».

2. 4-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и яп э пунктым кьару имыIэжу къэлъытэн.

2 статья

Мы Законым 2018 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ, ауэ официальнэу къыщыгъэзащ щегъэжьауэ зы мазэ мынэхъ мащIэ дэкIа иужь кьару егъуэт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м
№45-РЗ

● Налшык

Илъэсыщlэм зыхуагъэхьэзыр

Налшык къалэ администрацэм Илъэсыщlэр гъэлъэпIэныр къызэзыгъэпэщыну и комитетым хэтхэр хэплъащ яубыхуа Iуэхухэм.

КОМИТЕТЫМ и унафэщI, къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Алэхьелъ Арсен зэрыжиIамкIэ, Налшыкрэ абы къегъэщIыIа жылагъуэхэмрэ Илъэсыщlэм хуэгъэхьэзырыныкIэ Iуэху псори дыгъэгъазэм и 10 пщIондэ зэфIахын хуейщ. Псом хуэмыдэу хуэсакъынущ мафIэс къэмыгъэхъуным.

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр елIащ псей бззэрхэр, нэгузыужь пшыхьхэр, концертхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIыну щыIэхэр абыхэм зэрыхуэгъэхьэзырым. Къалэ унафэщIыр тепсэлъыхьащ Илъэсыщlэ нэужьым къалэр зэщIэгъэхьэзыным пыща Iуэхуэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хъыбар фегъащIэ Май, Аруан муниципальнэ районхэм, Налшык къалэ округым щыпIэ унафэр зегъэкIуэныкIэ я органхэм я деж щIалэгъуалэ политикэм пыщIауэ щыIэ коллегиальнэ чэнджэщагъэ органхэм, а щIыналъэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр къызэрыхихымкIэ.

ЗЫХУЭФАЩIЭ тхыгъэхэр ящIыгъуу документхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Гъэзджэныгъэмкlэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым хуагъэхь копие псори Iуэхущlапlэхэм я мыхъуркIэ щIагъэбыдэн хуейщ.

Тхылъхэр Iах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм теухуа Положениемкlэ зызэригъэувым хуэдэу (КъБР-м и Парламентым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м къищта унафэ №177-П-П) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ягъэхьэзыра документхэр 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м нэсыху ягъэхь мы адресымкIэ: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55, пэш №105.

Конкурсыр зэрырагъэкIуэкI щыкIэм нэхъ зэпкърыхуэу щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ КъБР-м и Парламентым и официальнэ сайтым е 42-60-84, 40-45-26 телефонхэмкIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

НОБЭ

♦Финляндие Республикэм и щхьэхуитныгъэм и мащIэ. 1917 гъэм унафэ ящащтащ ар Урысейм и унафэм зэрыщIэмытыжым теухуауэ.

♦Къэзахстан Республикэм и прокуратурэр къыщызэрагъэпэща (1922 гъэм) махуэщ

♦Испанием и конституцэм и махуэщ

♦Украинэм Iэщlэкlэ зэщIэузэда и къарухэм я махуэщ

♦1240 гъэм Инджылыз щIэнгъуаззэм и яп э къыдэкIыгъуэр Эдинбург къалэм дунейм къыщыстехьащ.

♦1774 гъэм цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтын Iэнатlэр дунейм щыяпэу къэралым и нэIэм щIиГъэуващ Австрием.

♦Гу дохутыр, хирург цIэрыIуэ, академик, тхакIуэ **Амосов Николай** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, СССР-м и цIыхубэ артист **Наумов Владимир** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦Балъкъэр щIэныгъэлI, философие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-мрэ Къалмыкъымрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Эфендиев Сэлихь** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Алтай крайм и губернатору щыта **Евдокимов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей актёр цIэрыIуэ, «Кинотавр», «Ника» саугъэтхэр зыхуагъэфэща **Балуев Александр** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей тележурналист, «Хэкум и пащхьэм щIиэ фIыщIэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщIэм и медалыр зыхуагъэфэща **Агалаковэ Жаннэ** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 4 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

● ЗэIущIэхэр

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хьэхурэ щIыхуэрэ зэIахыу хабзэжьщ.

Ингуш Республикэм и къалащхьэ Магас щекIуэкIа, КИФЩI-м и хэгъэгухэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм я V зэхуэсышхуэр дыгъэгъазэм и 1-м зэхуащIыжащ. Ингуш Республикэр илъэс 25-рэ зэрырикъум ирагъэхьэIа зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ «Кавказ Ищхъэрэ» щIыналъэ зэхуаку центрымрэ КИФЩI-м и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я ассоциацэмрэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратыр, Лъэпкъ Iэхэухэмкlэ федеральнэ агентствэр, Ингуш Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэр я дэIэпыкъуэгъуэ. Iэхэу щхьэпэм хыхьэу, Магас къалэм щыIэ Ингуш къэрал университетым и щIэныгъэ библиотекэм къыщызэрагъэпэщащ зэIущIэ зыубгъуэхэр, мастер-классхэр, стIол хъурейхэр, эксперт сессиехэр, гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр.

ЦIыхУ 800-м щIигъу зыхэта зэхуэсыр къыхэзылъхьахэм я къалэн нэхъыщхьэу 2017 гъэм къагъэлъэгъуар журналистхэр, жыларгъуэм ящыIа IэщlагъэлIхэр, блогерхэр, кулыкъущIэхэр зэкъуагъэувэнщI, абыхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьынырщ, ахэр нэхъ жыджэру зэдагъэлажьэнырщ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Iуэху зэлъмыбзхэмрэ ахэр гъэзэкIуэжа зэрыхъунымрэ ятеухуа Iэмалхэр къагъэлъагъэнырщ, я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмкIэ зэрагъэхъуэжнырщ, мыхьэнэ зиIэ проект нэхъ гъэщIэгъуэнхэр утыку кърахьэнырщ.

Зэхуэсыр кьиз3Iуахащ «Русскэ Федерацэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр хамэ къэралхэм щыIэ апхуэдэ агентствэхэм зэрадзэлэжьэнум къыпэкIуэну фIагъэхэр» пленарнэ зэIущIэмкIэ. Абы нэхъыщхьэу щытепсэлъыхьащ дочлепсо хъыбарегъащIэ мардзхэмкIэ зэдзэгъэшэну зэричэзум, дяпэкIэ нэхъ жыджэру зэрызэдзлэжьэнум, щIыналъэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я мыхьэнэмрэ увыпIэмрэ къызэрагъэнэхуэм.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ **Владимиров Максим** зэхуэсым хэтхэм ягу къыгъэкIыжащ КИФЩI-м и журналистхэм я зэхуэсышхуэр 2013 гъэм и щэкIуэгъуэм Псыхуабэ къалэм и «Интурист» хьэщIэщым ящэу зэрыщагъэкIуэкIар. КИФЩI-м и хэгъэгухэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я зэIущIэ нэхъыщхьэу къалъытэ зэхуэсышхуэр илъэс къэс щагъэIэну зэрыхущIэкъум, абы дунейпсо мыхьэнэ игъуэту зэрыхуежьам и щIыхьэту абы кьигъэлъэгъуащ мыгъэрей етхуанэ зэхыхьэм ящэу Армением, Азербайджаным, Куржым, Абхъазым, Осетие Ипщэм я лIыкIуэхэр къызэрырагъэблэгъар. Зэхыхьэм щыжаIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм я VI зэхуэсышхуэр етIанэгъэ Шэшэн Республикэм щагъэкIуэкIыну зэрауб3ыхуар.

Пленарнэ зэIущIэм къыкIэлъыкIуа «Хъыбарегъащ!э IэнатIэхэм лъэпкъ, дин темэхэр зи лъабжьэ Iэхэухуэгъуэхэр къызэрагъэлъагъуэр» эксперт сессиер иригъэкIуэкIащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Крашенниковэ Вероникэ**. Къызэхуэсахэм абы гу лъаригъэтащ лъэпкъ, дин мыхьэнэ зиIэ иджырей Iуэху зэIумыбзэкэр къызэрагъэлъэгъуэну щIыкIэм. Крашенниковэм журналистхэм чэнджэщ яритащ апхуэдэ Iуэхугъуэхэм хуэсакъыну, нэхъ тельэщIауэ тепсэлъыхьыну, щIуагъэ ямыгъэкIуэну, Iуэхуфlхэм, гуапэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну. Зэхыхьэм хэтахэми кьыхэгъащхьэкIащ федеральнэ, щIыналъэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр Кавказым къыщыхъу Iуэхугъуэхэм нэхъ зэпэщэчауэ иужьрей илъэситIым тепсэлъыхь зэрыхъуар.

- ЩIыналъэ, федеральнэ СМИ-хэм я лэжьакIуэхэр нэхъ жыджэру зэдзлажьэ зэрыхъуами гу лъыботэ. Абыхэм кьапэщылъщ я къарухэр зэкъуагъэзыну ягъэзэщIэну кьалэнхэр. Урысей къэралгъуэм пщIэрэ щIыхькIэ гъэнщIа и тхыдэ напэкIуэцIхэм, дэтхэнэ зы лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа тхыдэ напэкIуэцIхэр, щIыпIэ дахэхэр къыщыгъэлъэгъуа фильмхэр трахамэ, ди щIэблэмэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм я дежкIи щхьэпэ хъунут, - жиIащ Москва щыIэ Кавказ клубым и унафэщI **Джафаров Шамиль**.

Джафаровым къыхилъхьа жэрдэмым арэзы техъуэу Умаров Джамбулэт жиIащ Кавказым щыпсэухэр щIэпхъаджащIэу хэIущIыIу зэрыхъуар къалъытэу, абыхэм лэжьакIуэ емызэщ, Iэпщlэлъапщ, щIэныгъэлI, усакIуэ, нэгъуэщI щIыху щэджащхэр зэрагъэкуэдыр къеГъэщIэныжмкIэ ар зэрыIэмальфIыр.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм я V зэхуэсышхуэм етIуанэ махуэм хъэщIэ Iэпщlэхэр ирагъэблэгъащ. Апхуэдэзэщ КИФЩI-м и хэгъэгухэм я Iэтащхьэхэр, федеральнэ хъыбарегъащIэ Iэхэухуэгъуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хьэрычэт Iуэхухэм я лIыкIуэхэр. Хабзэ зэрыхъуауэ, зэхыхьэм хэтхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ ящэу гу зыльатар Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм я хъыбарегъащIэ Iэхэухуэгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэрщ. Абы хэIыхьу щIыналъэ къэс щхьэхуэу утыку кърахьащ икIи кърихьэлIаxэм щхьэхуэу яхутепсэлъыхьащ хэгъэгухэм я СМИ нэхъыщхьэхэм я зыужьыныгъэхэр зыхуэдэм. Апхуэдэхэт республикэхэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ, тхылъ тедзапIэхэм я иужьрей кьыдэкIыгъуэхэр, нэгъуэщI екъуалIэныгъэхэр. Къэбгъэльагъуэмэ, ди республикэм и пIанэпэм щагъэува выставкэм зыщыщIэпIлъыхьахэм «КъБР-Медиа» къэралкIэзонэ Iэхэухуэгъуэхэм и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** яхутепсэлъыхьащ щIыналъэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я щытыкIэмрэ абы зэрызрагъэужьыкIрэ. КъБР-м нэтынхэр къэзыгъэлъагъуэ и ягъэIэпэтхэр телевизионнэ станцым эфир занщIэкIэ кьитащ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа репортажхэр. ЭкранышхуэмкIэ кьагъэлъагъуащ ди щIыналъэм и зыгъэпсэхупIэхэр, щIыпIэ дахэхэр, республикэм зэфIэкIрэ екъуалIэныгъэрэ щызиIэ Iуэхущlапlэхэр.

Выставкэ нэхъыым ирагъэкIуэкIа пленарнэ зэIущIэр теухуауэ щытащ кулыкъущIэхэмрэ пресс-Iуэхущапlэхэмрэ зэрызэдэлажьэм. Зэхыхьэм хэтащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкlэ и министр **Кузнецов Лев**, Лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ федеральнэ агентствэм и унафэщI **Баринов Игорь**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ **Попков Валерий**, УФ-м связьмрэ щIыхьэ коммуникацэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Волин Алексей**, Ингуш, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм я Iэтащхьэхэу **Евкуров Юнус-Бэч, КIуэкIуэ Юрий, Битаров Вячеслав**, Псков областым и губернатор **Ведёрников Михаил** сымэ.

Зэхыхьэм и лэжьыгъэр ирагъэжьэным и пэ къикуэу, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэ Белавенцев Олег зэхуэсым хэтхэм кьахуигъэхьа видеофIэхъусымрэ зэрызахуигъаз3мрэ едэIуащ. Юбилей форумым и щхьэхуэныгъэхэр зыхуэдэм я гугъу щищIым, абы кьыхигъащ Псыхуабэ мыхъуу, ящэу ар КИФЩI-м и хэгъэгухэм ящыщ зым зэрыщрагъэкIуэкIыр, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщ журналистхэмрэ КИФЩI-м и СМИ нэхъыщхьэхэм я лэжьакIуэхэмрэ зэрызэдэлажьэнум фIагъ куэд къыпэкIуэну зэрыщыгугъыр. Белавенцевыр зэхуэсым хэтхэм екъуэхъуащ я лэжьыгъэм екъулIэныгъэхэр щаIэну.

Кузнецов Лев зэхуэсыр кьыззэыгъэпэщахэмрэ абы хэтхэмрэ фIэхъус щарихым, кьыхигъэщащ Кавказым и хъыбарегъащIэ политикэр нэхъыщхьэу зыхуэунэтIауэ щытын хуейр хъыбарыфIхэр щызэбграгъэхыныр мыхъуу, абы щыпсэухэри нэгъуэщI щIыпIэхэм щыщхэри щIыналъэм и щIыкIэпсэукIэм и пэжыпIэм хагъэгъуэзэнырщ. Абы щапхъэу кьикьа къэхутэныгъэм тепщIыхьмэ, 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ Кавказ Ищхъэрэм и СМИ-м щызэбграгъэх хъыбар гуапэхэр 2,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Министрым кьыхигъащ Кавказым и псэукIэр зыхуэдэр лъэныкъуэ псомкIи пэжу кьагъэлъэгъуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Баринов Игорь жиIащ курыт еджапIэхэм я егъэджэныгъэ программэм хыхьэу Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм ятеухуа щIэныгъэ щIэблэм зэрырамытым кьыхэкIыу а кьалэныр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм я пщэ къызэрыдзхуэр. Абы кьыхигъащ журналистхэм я псалъэм куэд зэрельытар, жэуаплныгъэ ин зэрахьэр зыхащIэу сыт хуэдэ зыхуэдэр лъэныкъуэ псомкIи пэжу кьагъэлъэгъуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Баринов Игорь жиIащ курыт еджапIэхэм я егъэджэныгъэ программэм хыхьэу Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм ятеухуа щIэныгъэ щIэблэм зэрырамытым кьыхэкIыу а кьалэныр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм я пщэ къызэрыдзхуэр. Абы кьыхигъащ журналистхэм я псалъэм куэд зэрельытар, жэуаплныгъэ ин зэрахьэр зыхащIэу сыт хуэдэ зыхуэдэр лъэныкъуэ псомкIи пэжу кьагъэлъэгъуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Ингуш Республикэм и къалащхьэ Магас Гуфlэгъэхэр щрагъэкIуэкI и уардэунэм щызэхуащIыжащ журналистхэм я V зэхуэсышхуэр. Пшыхь гуапэм щагъэлъапIащ «Медиа Кавказ-2017» зэпеуэм пашэ щыхьуа, фIым я фIыж журналистхэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм щыщхэми я щIэ фIыкIэ кьрагъуащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым и сауГъэт щхьэхуэр Къзэанш Людмилэ кьыхуагъэфэщащ, КъБР-м и ГТРК-м игъэхьэзыра «Черкассие в истории России» фильмым папщIэ. Ар теухуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум. Проектым и унафэщIыр Къзэанш Людмилэщ. Апхуэдэу ди республикэм щыщу ягъэпэжащ ТАСС-м и лэжьакIуэ Гериевэ Асият, щIыналъэм кьыщыхъу хъыбархэр нэгъэсауэ тэмэму кьызэригъэлъагъэм папщIэ. «РР-проект нэхъыфI» зиIэтыныгъэм пашэ щыхьуащ КъШР-м и «Архъыз-24» телеканлым и лэжьакIуэ Чэнджэщауэ Артур.

Зэхуэсым хэтахэм дыгъэгъазэм и 2-м Джейрах районым зыщрагъэпIлъыхьащ. Журналистхэр зэзбгрыкIыжащ я нэгу зиужьауэ, я Iэщlагъэм и щэхуэм теухуауэ щIэ куэд кьащIауэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Зэхуэсхэр

Журналистхэм я етхуанэ зэхыхьэшхуэр зэхуащIыжащ

● Ныбжьэгъум теухуа псалъэ

Абы хуэдэ цIыху гъуэтыгъуейт

КъБАССР-м хыхьэ Лэскэн районым хиубыдэ Старэ Урыху къуажэм 1932 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м къыщалъхуа Бисчокъуэ Щыхьмырзэ Батырбий и къуэр ныбжьэгъу щыпкъэу икIи пэжу диIащ. Я къуажэм дэт курыт школыр 1949 гъэм къиухри, ягъэщIыкIэ Пятигорск кооперативтехникумым, итIанэ Львов кооперативинститутым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ абы.

И НАТIЭМ кьритхар арати, Бисчокъуэ Щыхьмырзэ щIалэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьигъэнэн хуей хъуащ. ГъащIэм абы щызыIэригъэхьа ехьулIэныгъэ псори нэхъыбэу зэпхар Шэшэн Республикэм и къалащхьэм щрихьэкIа лэжьыгъэрщ. Грознэ къалэм дэт кооператив техникумым и директору ар илъэс 28-кIэ щытащ. Къэбэрдей щалэр Бисчокъуэ Щыхьмырзэ къызэригъэпэща Iуэхущlапlэу шэшэнхэм къалъытэ еджапIэм а зэманым кьриубыдэу Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псоми, Къэбэрдей-Балъкъэрри абы хыхьэу, щыщ щIалэгъуэлI ми бжыгъэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэтащ.

«Ар кудым зэзыпщыт унафэщIт, акъылышуэз зыбгъэдэль егъэджакIуэт, гъэсэныгъэшхэз зыхэль цIыху кьлэпIт, - жиIащ Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзан. - Дэ икъукIэ дыхуэарэзыщ Щыхьмырзэ. Абы и гъэсэн куэдым Урысейм щыцIэрыIуэ цIыхуэхуэхэр къахэкIащ».

И закъуэу унэм къыщIэна и адэр зэрысымаджэм кьыхэкIыу, 1990 гъэм Бисчокъуэм Налшык къигъэзэжащ, и гум щыщ Iыхьэ Шэшэным къыщигъэнаут.

1990 - 1998 гъэхэм «Къэббалъкъотребсоюз» зэгухьэныгъэм, 1999 - 2003 гъэхэм Щхьэлыкъуэ дэт «Къэббалъкъмэкъумэштехникэ» Iуэхущlапlэм я унафэщIу лэжьащ.

Мы гъэм фокIадэм и 10-м Бисчокъуэ Щыхьмырзэ Батырбий и къуэр дунейм екьжащ. Хъыбар гуаузр икъукIэ щхьэжэ тщыхъуащ псоми. Ар зэи сымаджэкъэшэм. Щыхьмырзэ зэуззэпсэу тхэкIыжащ. А пщэдджыжьым сыхьэти 5-м бдзэжьеящэ кIуэну зигъэхьэзырат и ныбжьэгъу, гъунэгъу икIи къуэш хуэхъуа Бер Мухьэдин и гъусэу. Арщхьэкlэ Берыр зрихьэлIар гуауэшхуэт.

Сытым дежи цIыху нэщхьыфIэт, щэныфIэт, къызэрыгэкIт, акъылышуэз зиIэт Бисчокъуэ Щыхьмырзэ. Абы и акъыл жаныкIэ, гушыIэ дахэмкIэ, гум кьыбгъэдэкI и нэжэгужагъыкIэ дэтхэнэми дрэжэгъуэ иритыфырт. Ар дэлъху гумащIэт, гулъытэ зиIэ щхьэгъуэт, быным хуэнэхъуеинщэ адэт. Абы зэи зыри щыгъупщэртэкъым, ар зыщIыпIи кьыкIэрыхуртэкъым, и ныбжьэгъуэм я гуфIэгъуэр ядИэтырт, я гуауэр ядигъэпсынщIэрт. Нэхъыщхьэрати, апхуэдэ Iуэхуэхм деж псом ягъэ ящэри рат.

Бисчокъуэ Щыхьмырзэ гъащIэм лъэужь дахэ кьыщинащ. ЦIыхухэм фIыуэ яхуилъажьа псом къапэкIуа фIыщIэ псалъэхэр куэд и уасэщ. Абы и фэеплъ нэхур зэи ящыгъупщэнукъым ар зыщIыхуу щытахэм. И плъэкIэ гуапэмрэ и нэфIэгуфIагъымрэ и нэгур ягъэнэхурт. Абы гъащIэр фIыуэ ильагъурт, и бгагъэ-Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэр зыхуигъадэ щыIэтэхьым. Езыри псоми фIыуэ кьалъагъурт. И къуэрылъху нэхъыщIэм, и адэм и фэеплъу, Батырбий фIищат, абы и къуэрылъхум и къуэм Щыхьмырзэ цIэр хуигъэфэщат. Иджыблагъэ абы я деж сыкIуаеу Бисчокъуэ Щыхьмырзэ нэхъыщIэр кьыщызбгъэдыхьам, абы и нэхэм щIэсльэгъуащ: «Уэ дадэ и гъусэу удэкIащ, дэнэ ар здэщыIэр? Дапщэщ кьыщыкIуэжьинур? Сэ дадэ сыхуозэш», - жиIэу кьызжиIэну зэрыхуейр.

Щыхьмырзэ сытым дежи зэрытIыхуу щытам хуэдэу - тхьэмадэ Iущу, унэтIныныгъэ куэдкIэ щIэныгъэшхуэ зиIэу, унагъуэпI хъэрзынэу, цIыхугъэшхуэ зыхэлIу, ныбжьэгъу пэжу, кьэзыкъуреихьэм гуапагъэрэ фIыкIэ яхуэупсу - и ныбжьэгъухэми, и благъэ-Iыхьлыхэми, зыцIыхуу щыта псоми я гум кьинэнущ.

Ар нобэ кьытхэмытыжми, абы и Iуэхущlафэ дахэхэр иджыри куэдрэ цIыхухэм сэбэн яхуэхъунущ. Щыхьмырзэ кьыдигъэкIа «Чэнджэщ Iущхэр» тхылъыр гъащIэ гъусэу диIэнущ.

Бисчокъуэ Щыхьмырзэ Хэкум и деж щиIэ фIыщIэми хуэфэщэн пщIэ кьыпэкIащ. Абы кьыхуагъэфэщащ «УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIэ лъапIэр, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, фIыщIэ, щIыхь тхылъ куэд.

Ар илъэс куэдкIэ си дежкIэ щытащ адэу, къуэш нэхъыжьу, зихуэдэ щымыIэ ущикIуэу.

Ди ныбжьэгъуэ зэрытхэмытыжыр икъукIэ ди гум къоуэ. Дэ зэи уэ утщыгъупщэнукъым, ди цIыху лъапIэ.

КЪУЭКЪУЕЙ Мухьэмэд,
УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик.

Уэдыхь Виталий Хьэрун и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 71-м иту дунейм ехьажащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Уэдыхь Виталий Хьэрун и къуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиуха нэужь, Уэдыхь Виталий музыкэмкIэ щIэныгъэ щызыригъэгъуэтащ Дон Іус Ростов дэт къэрал консерваторэм. Илъэс куэдкIэ лажьащ Налшык и Музыкэ театрым и симфоние оркестрым и артисту. 1998 гъэ лъандэрэ Симфоние оркестрым и унафэщIу Iэнатlэм пэрытащ. «Бжьамий» театрым и артистуи щытащ.

Уэдыхь Виталий и гъащIэр цIыхухэм яхуэлажьэным тыхь хуищIащ. Ар и щапхъэщ щалъхуа щIыналъэр ефIэкIуэн папщIэ зыпэрыт Iуэхур псэ хьэлэлкIэ ехьэкIыным зи гъащIэр тезыхуа цIыхум куэд зэрыхуэзфIэкIам.

ЗэфIэкI лъагэ зиIэ цIыху гуапэм, гъэсакIуэ Іущым и фэеплъ нэхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуэм я гум сытым дежи илъынущ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал филармоние.

Лъахэ къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ

Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо Сэфарбий, къызэрыщIэкIымкIэ, уси етх. Абы и эко-усэхэр ятеухуащ КъБР-м и Тхылъ плъыжьым ихуа, кIуэдыжьыпэным нэса псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ. КIэщIу жыпIэмэ, къулыкъущIэр зыгъэгушIавэ Iуэхур усэбзэм хуигъэкIуауэ къытхуиIуатэу аращ. Ар топсэлъыхь къэнар хъума зэрыхъуным, я бжыгъэр гъэбзэгъуэжным укъыхуреджэ, яхэлъ я хущхъуэгъуэхэм дыщегъэгъуазэ. Ди гуапэу тыдодзэ биолог-лирикым и Iэдакъэщ Iэкiхэм щыщ.

Пхъэгулъей

ЩокIыр псыхъуэм чыцэм хэту,
Куэду мэзым уащыхуозэ,
Щыплъагъунущ джабэ нэкIум
Гъурц телъыджэу пхъэгулъейр.
Хэббжэ хъунущ гъатхэпежьэм,
Гъэгъэн щIедзэ мэлыжьыхьым.
Къапщий хужьхэр пыщэщауэ,
Уэс Iэрамэу лъабжьэм щIэлъщ.
Бадзэуэгъуэм мэхъу пхъэгулъыр,
Гъуэжьу, плъыжьу,
плъыжь-фIыцIафэу.
Дыгъэпс нуркIэ загъэпскIауэ,
Псыр къыщIэжу, фомэ-щэмэу.
ЯфIэIэфIу яшхыр цIыхухэм,
Хэти ещIыр ар мэрэзей,
Куэду яшхыр мэз псэущхьэм,
Къамыгъанэу пкъы къудей.

Зей

«Уеуэ хъунукъым зей башкIэ
IэщIэвыщIи, мэли, шыи», -
ЖиIэрт пасэрей псалъэжьым
Зей къыззрыгуэкIым щхьэкIэ.
ЖиIэрт и лъэр щIимыгъэкIыу,
И лъыр зэу зэригъэкIуэкIыу,
ИщIу IэщхэР ныкъуэдыкъуэ,
Жьыри щIэри къимыгъанэу.
А псалъэжьым щхьэ къежьа?
Сыт IущагъэР абы халъхьар?
Хэт жиIами а псалъэжьыр,
Зейр хъумэжкIэ сэбэп хъуащ.
Сыт и пльыфэр зей къэкIыгъэм?
И къэкIыкIэр, и щытыкIэр,
Сэбэпагъыр, зи хущхъэгъуэр?
ЯмыщIэнкIэ хъунущ куэдым.
Дахэщ зей къыззрыгуэкIыр,
ХэщIыхьауэ гъурц зэкIужщ.
Пасэу гъагъэхэм ящыщу,
И гъэгъар дыщафэ гъуэжьщ.
И пкъыр быдэщ, пхъафэр щхъуафэщ.
ГъэкIыр лантIэщ, и фэр плъыфэу,
Хъуа нэужь зэ плъыжь-фIыцIафэ
ЦIыхухэм куэду ар къащыпI,
ШхыныфI куэди къыхащIыкI.

Къалъ

Зэкъуэш куэду щыззэдопсэухэр
Къалъ лъэпкъыгъуэр Къэбэрдейм.
КъащхьэщокIхэр ахэр куэдкIэ
Удзу щыIэ адрей псом.
Щащ I унапIэ къалъэм къуршыр,
Уащыхуозэр куэду хъуПIэм,
Ехьэжьауэ фIэфIщ мэз лъапэр,
Щымымащ Iэ къумым, тафэм,
ЩыплъагъункIи хъунущ лъагэу
Iуащхьэмахуи и дыкъуакъуэм...
Зэщхьыркъабзэ хэткъым къалъхэм:
ПкъыкIи, фэкIи, я инагъкIи -
Хэти лъагэщ, дэкIеящ,
Хэти лъахъшэщ, хэщIыхьащ.
ЯзыныкъуэР щыIм и щхьэфэм
Теубгъуауэ быдэу мэкIыр.
Къалъхэр куэду шэгъэбагъуэщ,
ЯзыныкъуэР альпI шхыныгъуэщ,
Ауэ лъэпкъыр зэрыщыту
ЖьпIэ хъунущ щIыгъэбагъуэу.
Яхэтщ къалъхэм мащIэ дыдэу
Ущрихьэлъэ Къэбэрдейм.
Псалъэм папщIэ, Шэджэм къалъыр
Ихуагъэххэщ Тхылъ плъыжьым.

Къэбэрдей мэзыжь

Сепсэлъэнт, слъэкIамэ,
Къэбэрдей мэзыжьым,
Жезгъэ Iэнт гугъуехьу
и нэгу ныщIэкIар.
Джыди, мафIи, узи пэмылъэщу,
ГъащIэ гугъу зэрырихьэкIар.
Жезгъэ Iэнт псэущхьэ
зэмылIэужьыгъуэу
Нобэр къыздэсам къыщIэнэжар.
Жезгъэ Iэнт къызыхэкIа
щхьэусыгъуэр,
Домбейр, бланэр, бжьори щIэкIуэдар.
Сеупщ Iынт, слъэкIамэ,
бжей мэзыжьым,
Зэман кIуам леишхуэ зыльысам:
Дауэ ухъурэ?
Къыпщ Iэхъуа щIэблэщIэ?
Жыг абрагъуэ дапщэ къыпхуэна?
Сытехьэнти и гъуэгу нэшэкъашэм,
Сыщ Iэтынт нэщхъейуэ
щыт бжей мэзым,
Къэсплъыхьынт сешыхукIэ
сэ мэз щIагъыр,
СедэIуэнт жыг щхьэкIэм я Iущащэм.
КъаIуэта иужь гукъеуэ щэхур,
Iэ дэслъэнт жыгыпкъым и къудамэм.
СеIущащэу яжесIэнт абыхэм:
Адэжь хэкум фэрщ мылъку
лъапIэу иIэр!

ХьэмкIутIей

Лъэпкъ куэд теткъым щIы хъурейм,
ЯмыщIыхуу хьэмкIутIейр,
Жыг баринэр, хэщIыхьар,
Хужьу гъагъэр мэлыжьыхьым.
Сэбэпышхуэу жыгым пылъыр
ФIыуэ щащIэрт Къэбэрдейм,
И пхъэ быдэр, жырым хуэдэр,
ЯщIт дамэкъуи, баш плъыжь дахи.
Къыхащ Iыкъырт тхьэмпэм, пхъафэм
Гу уз хущхъуи, ныбэ хущхъуи.
Зэгъщ хьэмкIутIыр бжьыхьэ хъуам,
Пшхыуэ пэтми зымыгъэнщIу.

Къазмакъейм и лъэIу

ФыкъыззэмыIусэт зэкIэ,
зэ сывмыгъэпIащIэт,
Вгъэхъут си къазмакъхэр,
Гъуэжь-дыщафэ хьухукIэ...
ЦIыхухэм хуэгъэзэуэ лъаIуэрт
къазмакъейр.
Жагъуэ зэрыхъунщи,
лъэIур зэхахакъым.
Щылъщ къудамэр, къращIыкIэхауэ,
Къазмакъ щхъуантIэри къещэщэхауэ.
Сыт хуэдиз хущхъуэгъуэм
цIыхухэр хэкIыжа?!
Нагъэсакъым бжьыхьэм
- яфыщIащ къазмакъейр
Жэп къытемыхауэ, хущхъуагъ
къыщIэмыхьауэ.

Розэ

«Сэрщ удз гъагъэхэм я гуащэр,
Феплъыт псори сэ си теплъэм,
Си гъэгъахэр зэрыдахэм.
Хужьи, гъуэжьи, шафи, плъыжьи,
Уеблэм вындым хуэдэу фIыцIи.
Дыгъэ бзийхэр зыщIашауэ,
Я мэ гуакIуэр къыпIуруауэ...»
ЖиIэрт зигъэщIагъуэу розэм.
«Пэж хэлъщ жыпIэм, дахэкIей,
ЖелI щэхуу вагъуэ удзым, -
Дэри псори дымыIей,
Ауэ щыхъукIи, банэ тттеткъым».
«Сэ си банэр си къумакIуэщ,
Сыщахъумэ сцIыху зэраным,
Сыщахъумэ Iэщ хьэулейм.
ЦIыхуу тетым мы дунейм
СафIэдахэщ, фIыуэ ялъагъуэм,
Сэ сыхуахь,
Сызыхуахьри сощI гумащIэ.
Сыщ Iытетри мы дунейм
ЦIыхухэр згъэгуфIэн къудейрщ».

Дэшхуей

Къэбэрдейм дэшхуей жыхуэтIэр
ЗымыщIыху щымыIэ,
Дейр гъумыщIэщ, къуабэбжьабэщ,
Дейр жыг лъагэщ, зиубгъуащ.
Дейм къъпыкIэ дэхэр инхэщ,
Къэуат щIэлъу, хущхъуэгъуэшхуэу.
Мэхъу деипхъэр пхъэ вакъэфI,
Къыхащ Iыкъыр фоч лъэдакъи,
Пхъащхьэ мэхъур, ухуеихэм,
Мэхъу дей тхьэмпэри сэбэп.
Куэду хэлъщи фитонцидыр,
ЕгъэкIуэдыр и мэм хъуныр,
Гъудэ-бадзэри щошынэр.

Бжьыхьэ мэз

Сыту дахэ бжьыхьэ мэзыр,
Гъуэжьу, плъыжьу пщIащэр щIэлъщ.
Ухэувэм тхьэмпэр щхъыщхъыу,
«Бжьыхьэ хъуащ» къыбжаIэ хуэдэу.
Пхъэщхьэмыщхьэр куэду, бэву,
ТIыгъуэжауэ жыг щIагъым щIэлъу,
Плъагъум уи гур щыгуфIыкIыу,
Гъэр къулейуэ зэрыщытым.
ЗымкIэ мыр, адрейм кIэ кхъужьыр,
Хъуауэ, мэзыдэри къъпыщэщу,
Пыжьейм пыжьыр пымыхуэжу,
Жэп техамэ, шхын хьэзыру.
ХьэмкIутIейри, къазмакъейри,
Къущхьэмышхи, хьэцыбани...
Псори бжьыхьэм здэбэгъуащ,
Ярикъуну мэз псэущхьэм,
Iэщи цIыхуи я Iыхьэгъуу.

Андзыш лъагэ

Андзыш лъагэщ дыззереджэр,
Удз телъыджэу лъахэм щыкIым.
Узыфибгъум ар и хущхъуэу
Урыс тхыгъэхэм къахощ,
Андзыш лъагэр хэтщ мэкъупIэм,
Хэтщ хэпхъауэ къуажэ хъупIэм,
Псыхъуэ мэзым мащIэ дыдэу,
БгыжьэгъуэР псыIэми щымымащIэ.
Ныбэ узыр егъэхъужыр,
Шхалъэ узми сэбэп хуохъур,
Тэмакъ узми ар полъэщ,
БауэкIэщIми хущхъуэ хуохъур.
Хущхъуэр хэлъщ удзлъабжьэ гъумым,
Фо къыпахыр бжьэхэм гъэгъам,
Унэм къэпхьрэ щыбгъэтIысым,
Тыншу хокIэр, дахэу мэкI.

Мывэкъутэ

И хэщIапIэр къурш мывалъэрщ,
И псэупIэр мывэ джейщ,
ЦIэу зэрихьэр мывэкъутэщ,
МащIэу щокIыр Къэбэрдейм.

Блэгын

ЦIыхухэм пщIэшхуэ хуащI блэгыным,
Гу уз хьэлъэм и хущхъуэшхуэм,
ЩокI мэз Iуфэм, губгъуэ псыIэм,
Ар тхъумэну ди къалэнщ.

Сэтэней

Нарт гуащэ Iущым а цIэр зэрехьэ,
Сэтэней удзыр мэгъагъэ хужьу,
Губгъуэ щхъуантIагъэм дахэу къыхощ,
Лъапсэм бгъэIэпхъуэм,
тыншу къыщокI.

Бэджкъиш

Куэдым яцIыхур бэджкъишыр,
ПсэупIэ лъапсэм къыщыкIыр.
Зи тхьэмпэ цIыкIухэр лэдэхыу
Пкъы дэкIеяхэм тетыр.
И къапщий цIыкIухэр пшэплъыфэу,
Iэрамэ дахэу зэхэту,
Гъэмахуэм и кум щыгъагъэу,
Уэс къатесэхукIэ щхъуантIагъэм.
Алыдж лIыхъужьым и фэеплъу
«Achilles» фIащащ бэджкъишым.
Темытми удзым фэшхуэ,
УIэгъэм хуохъу хущхъуэшхуэ.

Бжей

И теплъэр дэгъуэу, жыг уардэщ,
И пкъыр захуэщ, пхъафэр щхъуафэщ,
И пхъэр быдэщ, пхъэкур хужьщ,
Бжей жыгыжьыр гъащIэ кIыхьщ.
КъыщокI куэду ар Кавказым,
Кърымым, Балканым, Азием,
ГущIэгъуи щысхьи яхэмылъу,
ЩIаупщIыкI бжей жыгхэр мэзым.
Къэнэжауэ щыIэж мащIэр,
Тетщ бгы лъагэм загъэпщкIауэ.

Къэлэр

Гъатхэпэ мазэр къимыхьауэ,
Мэз щIагъым уэсыр темыкIауэ
КъэкIын щIедзэ къэлэр жылэм,
Бжьын лъэпкъышхуэм щыщым.
Йоджэр абы мыщэ бжьынкIэ,
Хэти жеIэ бжьыныху дэгуу,
Ауэ псоми фIыуэ щIалъагъур,
Шэч хэмылъу, зэрыхущхъуэрщ.

Къэлэрдэгу

Сыту дахэ къэлэрдэгур,
Гъатхэпежьэхэм ящыщыр.
Гъэгъэ хужьхэр, тIупIым ещхьу,
ЗэкIэщIэсу купсэм тесу.
Теплъэр дахэщ, и мэр гуакIуэщ,
ЗылъагъуХэм ар къафыщIыр.
Дызэгъусэу дымыхъумэм,
МащIэ хъущи, кIуэдыпэнущ.

Тхьэмпитху

Тхьэмпищ лъэпкъым зы яхэтщ,
Зэшхэм куэдкIэ хъащхьэщыкIыу,
ЩокI Къущхьэхъум, хъупIэ лъагэм,
Iэщхэм яшхыр шэгъэбагъуэу.
Ирегъэщхыр зым ар къалъым,
ЕтIуанэм къалъгулъ гъуэжьым,
Тетщ лъагапIэм тхьэмпитху иIэу,
ЗэкIэщIэту и пкъым тету.

Тхьэмпищ

Тхьэмпищ удзыр щIыгъэпшэрщ,
Тхьэмпищ удзыр шэгъэбагъуэщ,
Тхьэмпищ удзыр берычэтщ.

Губгъуэджэдгын

Шхыныгъуэ куэдым ар хозагъэ,
Узыфэ куэди егъэхъуж,
Губгъуи тафи ар щогъагъэ,
Жылэр зэреджэри губгъуэджэдгынщ.

Банэжь

И пкъыр занщIэу дэкIеяуэ,
Банэ пхъашэ дэнкIи тету,
Лъабжьэ гъуми игъэкIауэ,
Щытщ банэжьыр зигъэбацэу.

Батыргъэн

КъыщокI дэнкIи батыргъэныр,
Бамэщ и фэр, кунэщIщ и пкъыр,
УеIусам, и тхьэмпэм уесыр,
Псыбыб мэхъур хъужьыгъуейуэ.

Сэхуран

Дыгъэ бзийм и хуабэм зыдагъаззэу,
Гъэгъа гъуэжьхэр дыгъэм
къыдокIуэкI.
Бжьыхьэр къэсрэ хъуамэ жылэр,
Дагъэ гуакIуэ къует дыщафэу.

МэкъуIэрысэ

Урыс мэкъу, суданкэ, мэкъуIэрысэ,
Щыри цIэуэ зэрехьэ зы къэкIыгъэм.
Нил псы Iуфэр пасэу зи къежьапIэм
Иубыдащ дунейм и зэхуэдитIыр.
Зи удзыпкъыр лъагэу,
занщIэу дэкIеям,
Iуву, щхъуантIэу тхьэмпэ-бзийр
зытетым,
Силос гуакIуи хъум, мэкъу дыгъэли
Iэщхэм Iус къэуат яхуэхъум,
шэ гъэбагъуэм.

Дэжей

И пкъыр лантIэщ, щIэгъэкъуэн
хуэныкъуэу,
И фэр плъыфэщ, щхъуантIафэр
къемэщIэкIыу.
ЯкIэрокIэр, зрешэкIри гъунэгъухэм.
Iэфи, псыри, псэри къащIифыкIыу.
Дэжейщ зэреджэр а удз
лIэужьыгъуэм
Щыжаи щыIэщ Алмэстым и щхьэщ.
Илъэс зырызкIэ фIэкIа къэмыкIыу,
ЗэщIищтауэ хьэси, губгъуи, хадзэхэкIи.
Етхьалэф нартыхуи, нащи, мэши,
Гуэдзым и щхьэмыжьыр мащIэ ещI.
Гъуамэщ, зэранщ сыткIи а удзыжьыр
КъэкIуауэ Къэбэрдейм зы зэман.

БлапцIэ хужь

БлапцIэ хужьыр жыг лIэужьыгъуэщ,
И пкъыр лъагэщ, хуэбаринэщ,
Пхъэкур хужьщ, и пхъафэр
щхъуафэщ,
Тхьэмпэ лъабжьэр щхъуэ-фIыцIафэщ.
Гъэмахуэкум гъэгъэн щIедзэ,
Гъэгъа цIыкIухэр
хужь-щхъуантIафэщ,
И мэр гуакIуэщ, бжьэм и кIуапIэщ,
Бжьыхьэм мэхъу дыщафэ дахэ.

Ажэгъуэмэ тхьэмпэбгъуэз

Гъатхэ мазэр къимыхьауэ,
ЩIылъэм уэсыр темыкIауэ,
Гъэмрэ щIымрэ зэхэмыкIыу
Ажэгъуэмэр щIым къыхокI.
Гъатхэпежьэу, псоми япэу,
КъызэрокIхэр гъэгъа хужьхэр,
Губгъуи, тафи, мэз щIагъи,
КъуакIи, зыщIаблауэ, ягъэдахэу.
Ауэ зэшхэм зы яхэтщ,
Ещхькъым зыми, къащхьэщокI,
Тхьэмпэр бгъэзэщ,
къапщIийр цIыкIущ,
ЦIэуэ фIащари тхьэмпэбгъуэзщ.
ЩыбгъэгъауэХ хэтт бжей мэзым,
Налшык къалэм и гъунэгъуэу,
ЩыкIырт ар псыIуфэ мэзым
Ауэ нобэ мащIэ хъуащ.

Махъшэудз

Махъшэудзыр
Къумым щокIыр,
Къемэщ IэкIыу
Куэду псыр.
И пкъыр лъахъшэщ,
Лъабжьэр куущ,
Тхьэмпэр мастэ
Псыгъуэ кIыхьщ.
Махъшэудзыр мащIэ дыдэу
ЩокIыр Джылъахъстэней къумми.

Шыкъулътыр

Шыкъулътыр ажэшхуэр плъыру,
Тетщ къурш лъагэм къытхуеплъыхыу.
И лъэр быдэщ, и нэр жанщ,
Мысыр сэшхуэм ещхьщ и бжьитIыр.
Щхьэр еIэтыр, хешыр и пщэр,
Тегъэхуауэ тхьэкIумитIыр,
Къурш бэуэкIэм щIодэIуэкIыр,
ЕщIэр ажэм и къалэныр -
Бэлэрыгъ зэрымыхъунур,
Бжэн зыщIэсхэм зы псэ хэщIым
ЖэуаптакIуэУ зэрыщытыр.

Дыгъужь

«Мэзыхьэр куэдт а гъэм, етат», -
Адэшхуэм къригъажьэрт.
Къуэрылъхуэхэм къыджиIэжт хъыбар,
Дыгъужьым теухуауэ.
ЖиIэрт мэлрэ шы къунанрэ
Зы жэщ закъуэм итхьалуэ,
И плIэм илъу, хьэр ебэну,
ШкIэр мэкъуэщым ирихауэ.
ИщIэрт дыгъужь ныбэ нэщым
Хьэри цIыхури къыззрещэр,
Ауэ щIэблэ мэжэщIалIэм
КърахуэкIырт, щхьэхуимыту.
А дыгъужьым и бзаджагъыр
И Iущагъыр, бэшэчагъыр,
Къаруушхуи зэрыхэлъыр
А хъыбарым къыщыхэщт.

Къурш гуэгуш

СытекIащ пщэдджьжьым
уэтэр пщыIэм,
СыдэкIыну жьжьэу слъагъу
бгы лъагэм.
Гугъэ сиIэу - къзэгъуэтыну,
сахэплъэну
Къурш гуэгушхэу мащIэу къытхуэнам.
Лэгъупжьу цIыху набдзэгубдзаплъэм
ЖиIащ гуэгуш гуп зымахуэ
илъэгъуауэ.
Гуэгуш анэм шырхэр къришэкIыу,
ИгъэхъуакIуэу, гъащIэм хуригъасэу.
СыхуэпIащIэу, си гур къысфIильэту,
СыдэкIащ гугъу сехьу сэ бгы задэм.
Зызоплъыхь, содаIуэр хъуреягъкIэ,
Псори щымщ, зэхэпхыу гум и макъыр.
Зы тэлай дэкIауэ, гугъэр хэсхыжауэ,
Си тхьэкIумэм къоIуэр, жьжьэу...
Гуэгуш макъ: чуин-чу-чу-чу
ЖиIэу, телъыджащэу маджэр
гуэгушанэр.
Чуин-чу-чу-чу.
ЩигъэтыжтI джэныр, зэман кIэщIкIэ,
Аргуэрыжьу джэуэ къыщIидзэжьырт.
Чуин-чу-чу-чу, чуин-чу-чу-чу...

Мэлыхъуэхьэ

Мэлыхъуэхьэр хьэ лъэпкъыфIщ,
И пкъыр быдэщ, и дзэр жанщ,
Лъакъуэр пIащэщ, и кIэр кIагуэщ,
И фэр хужь-гъуэжьыфэ дахэщ.
Губзыгъагъэр и лъым хэлъщ,
Гъэсэныгъэри къыдалъхуащ,
Хьэл-щэн дахи зыхелъхьэф,
ЖаIэр даIуэу, сабийм хуэдэу.
Мыщэм хуэдэу къаруу фIэщ,
Бдзэжьейм хуэдэу псым йосыф,
Жэщи махуи емызэшу,
Мэл гуартэшхуэхэм я плъырщ.
Банэу жыжьэу зэхахам,
Дыгъужь гупым загъэбзэх.
Къилъэгъуамэ лэгъупжьыр,
Хьэвшыр цIыкIуу, зыхуегъафIэ.

Пхъэгулъей

ЩокIыр псыхъуэм чыцэм хэту,
Куэду мэзым уащыхуозэ,
Щыплъагъунущ джабэ нэкIум
Гъурц телъыджэу пхъэгулъейр.
Хэббжэ хъунущ гъатхэпежьэм,
Гъэгъэн щIедзэ мэлыжьыхьым.
Къапщий хужьхэр пыщэщауэ,
Уэс Iэрамэу лъабжьэм щIэлъщ.
Бадзэуэгъуэм мэхъу пхъэгулъыр,
Гъуэжьу, плъыжьу,
плъыжь-фIыцIафэу.
Дыгъэпс нуркIэ загъэпскIауэ,
Псыр къыщIэжу, фомэ-щэмэу.
ЯфIэIэфIу яшхыр цIыхухэм,
Хэти ещIыр ар мэрэзей,
Куэду яшхыр мэз псэущхьэм,
Къамыгъанэу пкъы къудей.

Зей

«Уеуэ хъунукъым зей башкIэ
IэщIэвыщIи, мэли, шыи», -
ЖиIэрт пасэрей псалъэжьым
Зей къыззрыгуэкIым щхьэкIэ.
ЖиIэрт и лъэр щIимыгъэкIыу,
И лъыр зэу зэригъэкIуэкIыу,
ИщIу IэщхэР ныкъуэдыкъуэ,
Жьыри щIэри къимыгъанэу.
А псалъэжьым щхьэ къежьа?
Сыт IущагъэР абы халъхьар?
Хэт жиIами а псалъэжьыр,
Зейр хъумэжкIэ сэбэп хъуащ.
Сыт и пльыфэр зей къэкIыгъэм?
И къэкIыкIэр, и щытыкIэр,
Сэбэпагъыр, зи хущхъэгъуэр?
ЯмыщIэнкIэ хъунущ куэдым.
Дахэщ зей къыззрыгуэкIыр,
ХэщIыхьауэ гъурц зэкIужщ.
Пасэу гъагъэхэм ящыщу,
И гъэгъар дыщафэ гъуэжьщ.
И пкъыр быдэщ, пхъафэр щхъуафэщ.
ГъэкIыр лантIэщ, и фэр плъыфэу,
Хъуа нэужь зэ плъыжь-фIыцIафэ
ЦIыхухэм куэду ар къащыпI,
ШхыныфI куэди къыхащIыкI.

Къалъ

Зэкъуэш куэду щыззэдопсэухэр
Къалъ лъэпкъыгъуэр Къэбэрдейм.
КъащхьэщокIхэр ахэр куэдкIэ
Удзу щыIэ адрей псом.
Щащ I унапIэ къалъэм къуршыр,
Уащыхуозэр куэду хъуПIэм,
Ехьэжьауэ фIэфIщ мэз лъапэр,
Щымымащ Iэ къумым, тафэм,
ЩыплъагъункIи хъунущ лъагэу
Iуащхьэмахуи и дыкъуакъуэм...
Зэщхьыркъабзэ хэткъым къалъхэм:
ПкъыкIи, фэкIи, я инагъкIи -
Хэти лъагэщ, дэкIеящ,
Хэти лъахъшэщ, хэщIыхьащ.
ЯзыныкъуэР щыIм и щхьэфэм
Теубгъуауэ быдэу мэкIыр.
Къалъхэр куэду шэгъэбагъуэщ,
ЯзыныкъуэР альпI шхыныгъуэщ,
Ауэ лъэпкъыр зэрыщыту
ЖьпIэ хъунущ щIыгъэбагъуэу.
Яхэтщ къалъхэм мащIэ дыдэу
Ущрихьэлъэ Къэбэрдейм.
Псалъэм папщIэ, Шэджэм къалъыр
Ихуагъэххэщ Тхылъ плъыжьым.

Къэбэрдей мэзыжь

Сепсэлъэнт, слъэкIамэ,
Къэбэрдей мэзыжьым,
Жезгъэ Iэнт гугъуехьу
и нэгу ныщIэкIар.
Джыди, мафIи, узи пэмылъэщу,
ГъащIэ гугъу зэрырихьэкIар.
Жезгъэ Iэнт псэущхьэ
зэмылIэужьыгъуэу
Нобэр къыздэсам къыщIэнэжар.
Жезгъэ Iэнт къызыхэкIа
щхьэусыгъуэр,
Домбейр, бланэр, бжьори щIэкIуэдар.
Сеупщ Iынт, слъэкIамэ,
бжей мэзыжьым,
Зэман кIуам леишхуэ зыльысам:
Дауэ ухъурэ?
Къыпщ Iэхъуа щIэблэщIэ?
Жыг абрагъуэ дапщэ къыпхуэна?
Сытехьэнти и гъуэгу нэшэкъашэм,
Сыщ Iэтынт нэщхъейуэ
щыт бжей мэзым,
Къэсплъыхьынт сешыхукIэ
сэ мэз щIагъыр,
СедэIуэнт жыг щхьэкIэм я Iущащэм.
КъаIуэта иужь гукъеуэ щэхур,
Iэ дэслъэнт жыгыпкъым и къудамэм.
СеIущащэу яжесIэнт абыхэм:
Адэжь хэкум фэрщ мылъку
лъапIэу иIэр!

ХьэмкIутIей

Лъэпкъ куэд теткъым щIы хъурейм,
ЯмыщIыхуу хьэмкIутIейр,
Жыг баринэр, хэщIыхьар,
Хужьу гъагъэр мэлыжьыхьым.
Сэбэпышхуэу жыгым пылъыр
ФIыуэ щащIэрт Къэбэрдейм,
И пхъэ быдэр, жырым хуэдэр,
ЯщIт дамэкъуи, баш плъыжь дахи.
Къыхащ Iыкъырт тхьэмпэм, пхъафэм
Гу уз хущхъуи, ныбэ хущхъуи.
Зэгъщ хьэмкIутIыр бжьыхьэ хъуам,
Пшхыуэ пэтми зымыгъэнщIу.

Къазмакъейм и лъэIу

ФыкъыззэмыIусэт зэкIэ,
зэ сывмыгъэпIащIэт,
Вгъэхъут си къазмакъхэр,
Гъуэжь-дыщафэ хьухукIэ...
ЦIыхухэм хуэгъэзэуэ лъаIуэрт
къазмакъейр.
Жагъуэ зэрыхъунщи,
лъэIур зэхахакъым.
Щылъщ къудамэр, къращIыкIэхауэ,
Къазмакъ щхъуантIэри къещэщэхауэ.
Сыт хуэдиз хущхъуэгъуэм
цIыхухэр хэкIыжа?!
Нагъэсакъым бжьыхьэм
- яфыщIащ къазмакъейр
Жэп къытемыхауэ, хущхъуагъ
къыщIэмыхьауэ.

Розэ

«Сэрщ удз гъагъэхэм я гуащэр,
Феплъыт псори сэ си теплъэм,
Си гъэгъахэр зэрыдахэм.
Хужьи, гъуэжьи, шафи, плъыжьи,
Уеблэм вындым хуэдэу фIыцIи.
Дыгъэ бзийхэр зыщIашауэ,
Я мэ гуакIуэр къыпIуруауэ...»
ЖиIэрт зигъэщIагъуэу розэм.
«Пэж хэлъщ жыпIэм, дахэкIей,
ЖелI щэхуу вагъуэ удзым, -
Дэри псори дымыIей,
Ауэ щыхъукIи, банэ тттеткъым».
«Сэ си банэр си къумакIуэщ,
Сыщахъумэ сцIыху зэраным,
Сыщахъумэ Iэщ хьэулейм.
ЦIыхуу тетым мы дунейм
СафIэдахэщ, фIыуэ ялъагъуэм,
Сэ сыхуахь,
Сызыхуахьри сощI гумащIэ.
Сыщ Iытетри мы дунейм
ЦIыхухэр згъэгуфIэн къудейрщ».

Дэшхуей

Къэбэрдейм дэшхуей жыхуэтIэр
ЗымыщIыху щымыIэ,
Дейр гъумыщIэщ, къуабэбжьабэщ,
Дейр жыг лъагэщ, зиубгъуащ.
Дейм къъпыкIэ дэхэр инхэщ,
Къэуат щIэлъу, хущхъуэгъуэшхуэу.
Мэхъу деипхъэр пхъэ вакъэфI,
Къыхащ Iыкъыр фоч лъэдакъи,
Пхъащхьэ мэхъур, ухуеихэм,
Мэхъу дей тхьэмпэри сэбэп.
Куэду хэлъщи фитонцидыр,
ЕгъэкIуэдыр и мэм хъуныр,
Гъудэ-бадзэри щошынэр.

Бжьыхьэ мэз

Сыту дахэ бжьыхьэ мэзыр,
Гъуэжьу, плъыжьу пщIащэр щIэлъщ.
Ухэувэм тхьэмпэр щхъыщхъыу,
«Бжьыхьэ хъуащ» къыбжаIэ хуэдэу.
Пхъэщхьэмыщхьэр куэду, бэву,
ТIыгъуэжауэ жыг щIагъым щIэлъу,
Плъагъум уи гур щыгуфIыкIыу,
Гъэр къулейуэ зэрыщытым.
ЗымкIэ мыр, адрейм кIэ кхъужьыр,
Хъуауэ, мэзыдэри къъпыщэщу,
Пыжьейм пыжьыр пымыхуэжу,
Жэп техамэ, шхын хьэзыру.
ХьэмкIутIейри, къазмакъейри,
Къущхьэмышхи, хьэцыбани...
Псори бжьыхьэм здэбэгъуащ,
Ярикъуну мэз псэущхьэм,
Iэщи цIыхуи я Iыхьэгъуу.

Андзыш лъагэ

Андзыш лъагэщ дыззереджэр,
Удз телъыджэу лъахэм щыкIым.
Узыфибгъум ар и хущхъуэу
Урыс тхыгъэхэм къахощ,
Андзыш лъагэр хэтщ мэкъупIэм,
Хэтщ хэпхъауэ къуажэ хъупIэм,
Псыхъуэ мэзым мащIэ дыдэу,
БгыжьэгъуэР псыIэми щымымащIэ.
Ныбэ узыр егъэхъужыр,
Шхалъэ узми сэбэп хуохъур,
Тэмакъ узми ар полъэщ,
БауэкIэщIми хущхъуэ хуохъур.
Хущхъуэр хэлъщ удзлъабжьэ гъумым,
Фо къыпахыр бжьэхэм гъэгъам,
Унэм къэпхьрэ щыбгъэтIысым,
Тыншу хокIэр, дахэу мэкI.

Мывэкъутэ

И хэщIапIэр къурш мывалъэрщ,
И псэупIэр мывэ джейщ,
ЦIэу зэрихьэр мывэкъутэщ,
МащIэу щокIыр Къэбэрдейм.

Блэгын

ЦIыхухэм пщIэшхуэ хуащI блэгыным,
Гу уз хьэлъэм и хущхъуэшхуэм,
ЩокI мэз Iуфэм, губгъуэ псыIэм,
Ар тхъумэну ди къалэнщ.

Сэтэней

Нарт гуащэ Iущым а цIэр зэрехьэ,
Сэтэней удзыр мэгъагъэ хужьу,
Губгъуэ щхъуантIагъэм дахэу къыхощ,
Лъапсэм бгъэIэпхъуэм,
тыншу къыщокI.

Бэджкъиш

Куэдым яцIыхур бэджкъишыр,
ПсэупIэ лъапсэм къыщыкIыр.
Зи тхьэмпэ цIыкIухэр лэдэхыу
Пкъы дэкIеяхэм тетыр.
И къапщий цIыкIухэр пшэплъыфэу,
Iэрамэ дахэу зэхэту,
Гъэмахуэм и кум щыгъагъэу,
Уэс къатесэхукIэ щхъуантIагъэм.
Алыдж лIыхъужьым и фэеплъу
«Achilles» фIащащ бэджкъишым.
Темытми удзым фэшхуэ,
УIэгъэм хуохъу хущхъуэшхуэ.

Бжей

И теплъэр дэгъуэу, жыг уардэщ,
И пкъыр захуэщ, пхъафэр щхъуафэщ,
И пхъэр быдэщ, пхъэкур хужьщ,
Бжей жыгыжьыр гъащIэ кIыхьщ.
КъыщокI куэду ар Кавказым,
Кърымым, Балканым, Азием,
ГущIэгъуи щысхьи яхэмылъу,
ЩIаупщIыкI бжей жыгхэр мэзым.
Къэнэжауэ щыIэж мащIэр,
Тетщ бгы лъагэм загъэпщкIауэ.

Къэлэр

Гъатхэпэ мазэр къимыхьауэ,
Мэз щIагъым уэсыр темыкIауэ
КъэкIын щIедзэ къэлэр жылэм,
Бжьын лъэпкъышхуэм щыщым.
Йоджэр абы мыщэ бжьынкIэ,
Хэти жеIэ бжьыныху дэгуу,
Ауэ псоми фIыуэ щIалъагъур,
Шэч хэмылъу, зэрыхущхъуэрщ.

Къэлэрдэгу

Сыту дахэ къэлэрдэгур,
Гъатхэпежьэхэм ящыщыр.
Гъэгъэ хужьхэр, тIупIым ещхьу,
ЗэкIэщIэсу купсэм тесу.
Теплъэр дахэщ, и мэр гуакIуэщ,
ЗылъагъуХэм ар къафыщIыр.
Дызэгъусэу дымыхъумэм,
МащIэ хъущи, кIуэдыпэнущ.

Тхьэмпитху

Тхьэмпищ лъэпкъым зы яхэтщ,
Зэшхэм куэдкIэ хъащхьэщыкIыу,
ЩокI Къущхьэхъум, хъупIэ лъагэм,
Iэщхэм яшхыр шэгъэбагъуэу.
Ирегъэщхыр зым ар къалъым,
ЕтIуанэм къалъгулъ гъуэжьым,
Тетщ лъагапIэм тхьэмпитху иIэу,
ЗэкIэщIэту и пкъым тету.

Тхьэмпищ

Тхьэмпищ удзыр щIыгъэпшэрщ,
Тхьэмпищ удзыр шэгъэбагъуэщ,
Тхьэмпищ удзыр берычэтщ.

Губгъуэджэдгын

Шхыныгъуэ куэдым ар хозагъэ,
Узыфэ куэди егъэхъуж,
Губгъуи тафи ар щогъагъэ,
Жылэр зэреджэри губгъуэджэдгынщ.

Банэжь

И пкъыр занщIэу дэкIеяуэ,
Банэ пхъашэ дэнкIи тету,
Лъабжьэ гъуми игъэкIауэ,
Щытщ банэжьыр зигъэбацэу.

Батыргъэн

КъыщокI дэнкIи батыргъэныр,
Бамэщ и фэр, кунэщIщ и пкъыр,
УеIусам, и тхьэмпэм уесыр,
Псыбыб мэхъур хъужьыгъуейуэ.

Сэхуран

Дыгъэ бзийм и хуабэм зыдагъаззэу,
Гъэгъа гъуэжьхэр дыгъэм
къыдокIуэкI.
Бжьыхьэр къэсрэ хъуамэ жылэр,
Дагъэ

● Щапхъэ

ЩІэныгъэрылажьэ гумызагъэ

Ди къэралым щІэныгъэр ипэкІэ щызыгъэкІуатэхэм, абы хэлъхьэныгъэ купщІафІэхэр хуэзыщІхэм ящыщ адыгэ бзылъхугъэщ мы тхыгъэр зытеухуар. Ар щІэныгъэм и дунейм гъуэгу бгъуфІэ щыхэзыша, филологие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я Іуэрыіуатэмрэ литературэмкІэ иІэ кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжь Бозий Наимэщ.

ШКОЛЫМ щыщІэсами, еджапІэ нэхъыщхьэм щыстудентами, ІэнатІэ пэрыту щылажьэми - дапщэщи щапхъэу щытщ Наимэ. Дыщэ медалкІэ курыт школыр къиуха ныужь, абы и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ари диплом плъыжькІэ къиухри, абы къыкІэлъыкІуащ аспирантурэр, кандидат диссертацэр.

Егъэджэныгъэм и гугъу пщІымэ, зэчий уиІэн хуейщ студентыр къыдэпхьэхыфын папщІэ. АбыкІи Алыхьыр къыхуэупсащ Наимэ - и цІыхугъэ лъагэмкІэ, Іуэху бгъэдыхьэкІэмкІэ, хьэлэлагъымкІэ къыдехьэхыф студентхэр. ИкІи аращ ар псоми фІыуэ къыщІалъагъур.

И лжьэгъуэхэм я мызакъуэу, сыт хуэдэ гуп хэмыхьэми, зы хьэлым тетщ, игури и псэри къэзыуухуреихь псоми яхуэзІухуэу, дэтхэнэми зыщІигъэкъуэну, дзІэпэкъуну хьэзыру, гъэсэныгъэ дахэ зэрыхэпыр сыт хуэдэ Іэхъугъуэми наІуэ щыхъуу апхуэдэщ ар.

ЩІэныгъэрылажьэ, егъэджакІуэ гумызагъэм зэфІих лжьыгъэфІым мызэмытІэу екъуІэныгъэ къыхуихьащ. Апхуэдэу абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, КъБКъУ-м, ХьэтІохъуащхъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм, нэгъуэщІ куэдми къабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. А псор и щыхьэтщ Наимэ и лжьыгъэм пщІэуэ хуищІымрэ лъагъуныгъэуэ хуиІэмрэ зыхуэдизым.

ЦІыхуу дунейм тетыр я фэкІэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, я гъуэгуанэкІи зэщхькъым. Налъэ мину зэхэухуэна цІыху гъащІэм щыщу сыт хуэдэрауэ пІэрэ гъуэгуанэ нэхъ насыпыфІэ дыдэкІэ уэздэж хъунур? Сэ къыззэрыщыхъумкІэ, уи муурадым ерыщу ухуэкІуэрэ уэзытехьа гъуэгум утемыплъэкъуКІыу уи гурылъыр зыІэрыбгъэхьэфмэ, уи гуащІэдэкІ зыхэплъхьа лжьыгъэм и сэбэпынагъыр яхьмпъагъу хъуарэ цІыхухэм я Іуэныгъэмрэ щІыхьымрэ ущымыщІэмэ - мис ар насыпщ. Мы псалъэхэр епхьэлІэ хъунущ зэхэщІыкІ куурэ акъыл жанкІэ Тхьэр зыхуэупса Бозий Наимэ и гъащІэм.

Гумрэ псэмрэ зыхьыдауэзыІ гурыщІэхэр и куэду, уэнщагъэ быдэ иІэу, сэбэпышхуэ къыхьыпыкІ лжьыгъэ куэд и Іэдакъэ къыщІэкІыу псэуну дыхуохъуахъуэ Наимэ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Пшыхь

КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэр и къуажэм щагъэлъапІэ

Балъкъэр тхакІуэ икІи усакІуэ, ЩІыхьым и орденыр зыхуагъэфэща, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэу щыта Залиханов Жанакъаит къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа пшыхь щызэхэтащ Лъэпкъ музейм и хуабамэу Гундэлэн жылэм дэтым. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм, Іуащхьэмахуэ районымрэ Гундэлэн къуажэмрэ я администрацэхэм я лІыкІуэхэр, республикэм и жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр, тхакІуэм и благъэ-Іыхьлыхэр.

МУЗЕЙМ и пІанэм къащыщэрагъэпэщат Залихановым и Іэдакъэщ1кІхэр, и сурэтхэр, и гъащІэ гъэзугуанэмрэ и творчествэмрэ ятеуха, хужаІа псалъэ гуапэхэр иту къыдагъэкІа тхыльхэр щызэхуэхьэса гъэлъэгъуэныгъэ.

Музейм и унафэщІ Энеевэ Лидэ пшыхьым къриухьэлІэхэм КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэм и гъащІэмрэ и ІуэхущІафэхэмрэ ягу къиГэкІыжащ. «Залиханов Жанакъаит Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ зыужьыныгъэм лъэужьыфІ кІыхинащ, - жиІащ абы. - И къуажэгъуэмрэ и ныбжьыгъуэмрэ гъэфІэгъэцІэу «Зали»-кІэ еджэрт. ЦІыху пашэм и хьэлхэр дэплъагъурт абы икІи ахэр Іэзэу кьигъэсэбэныр, щэныфІэу, ныбжьэгъугъэ дэплъагъуу апхуэдэт. Жанакъаит тхыпль 20-м щІигъу и Іэдакъэм къыщІэкІащ. Ахэр Москва, Налшык, Къыргъызым щыІэ тхылъ тедзапІэхэм къыщыдэкІащ. Абы къыхуагъэфэщащ «УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ лъапІэхэр.

Энеевэр къеджащ тхакІуэм и «Горящие сердца», «Горные орлы» тхылъхэм щыщ пычыгъуэхэм, абы и усэхэм.

Іуащхьэмахуэ район администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий къыхигъэщащ дэтхэнэ зы лъэпкъми и тхыдэм абы и щэнхабзэм зегъэужьынымкІэ пщІэрэ щІыхьрэ зыпыль къалэныр нэсу зыгъэззэщІа цІыху щІэрыІуэхэр зэрыхэтыр. «Балъкъэр лъэпкъым и литературэм апхуэдэу къыхэнащ тхакІуэ икІи усакІуэ Залиханов Жанакъаит. Дэ дрогушхуэ а цІыху щэджащэр ди щІынальэм къызэрыщалъхуэм», - жиІащ район унафэщІым.

Пшыхьым къыщыпсэльащ КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Беппаев МутІалип, КъБР-м, КъШР-я и цІыхубэ усакІуэ Гуртуев Сэлихь, усакІуэ Мусукаевэ Сакинат, Жанакъаит и Іыхьлы Боллуев Ануар сымэ. Абыхэм къыхагъэщащ Залихановым и творчествэм балъкъэр лъэпкъым фІагъыу къыдекІуэкІ псор зэрыпхрышар, ар цІыху къызэрыгуэкІыу зэрыщытыр, гъащІэм кьридза удынхэм емыльытауэ захуагъэм, фІым я телъхьэу, зэныбжьэгъугъэм хуэпэжу зэрыпсэуар.

Гундэлэн дэт курыт школ №1-м и еджакІуэхэр Залихановым и усэхэм кьеджащ, и уэрэдхэр жаІащ. Пшыхьым щагъэпэгъэуащ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэм и документальнэ фильм.

ТАРИМ Алисэ.

● ХъыбарегъащІэ

Сабийхэр ягъэгушхуэ

Дыгъэгъаззм и 5-м, Зи Іэпкълъэпкъым сэхъат иІэхэм я дунейпсо махуэм, Іуэхьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и Іуэхущ1апІэм Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм гуфІэгъуэ концерт щригъэкІуэкІащ.

АБы ИРАГЪЭБЛЭГЪАТ сабий ныкъуэдыкъуэ 200-м щІигъу. Республикэм и къэфакІуэ, уэрэджьІакІуэ гуп нэхъыфІхэм цІыкІухэм я нэгу зрагъэужьащ, Сочэ къалэ и «Мост в Нарнию» жьлагъуэ зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІ саугъэтхэр ныбжьыщІэ цІыкІухэм хуагъэшащ.

Дыгъэгъаззм и 8-м сыхьэт 11-м «Сэ сызэрыпсэущ си гурыфІыгъэр» фестиваль гъащІэгъуэным щыщІидзэнущ Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Іъэпкъ библиотекэм. Къищынэмыщ1ауэ, гуфІэгъуэ концерт къызэрагъэпэщынущ, сабийхэм я Іэдакъэщ1кІ сурэтхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я гъэпсэгъуэныгъэ къызэІуахынущ, мастер-классхэр ирагъэкІуэкІынущ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

ТАУМУРЗАЕВЭ ФатІимэ:

Слъэгъуахэм куэдым срагъэгупсысащ

ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалу иджыблагъэ Сочэ щызэхэтам щыІахэм ар хуабжьу ягу зэрырихьам и щыхьэтщ абы теухуа гукъэкІыжхэмкІэ иджыри къыздэсым зэрызэдэгуашэр. А зэхьхьэм игъэгушхуахэм ящыщщ КъБКъУ-м и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ Таумурзаевэ ФатІимэ. ЩІалэгъуалэ зэхуэсыр къыззрыщыхъуам теухуауэ абы упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- ФатІимэ, Сочэ щыплъэгъуэхэм сыт хуэдэ гурыщІэхэр къуата?

- Зы псалъэкІэ къыпхуэІуэтэнкъым дэ абы щытлъэгъуа псор. Абы хэмыта ныбжьыщІэхэм куэд яфІэкІуэдащ. Сэ сызэрелпъымкІэ, а Дунейпсо фестивалыр куэдкІэ нэхъ гъащІэгъуэн хъуат Сочэ щрагъэкІуэкІа Олимпиадэм нэхърэ. Абы къыщызэрагъэпэща егъэджэныгъэ, щэнхабзэ программэхэр сыт и уасэ?!

- СызэрыщыгъуаззмкІэ, абы зэуэ Іуэху куэд щекІуэкІащ, ахэр дауэ зэщІэвгъэхьэрэт?

- Щэч хэмылъу, абы щекІуэкІ псорм къыпхуэзщІэубыдэнутэкъым. Псалъэм папщІэ, актёр цІэрыІуэ Безруков Сергейрэ УФ-м хамэ къэралІуэхэмкІэ и министр Лавров Сергейрэ зыхэтыну зэІущІэхэм ящыщу къыхэтхынур дымыщІэу гугъу дехьащ. Махуэ къэси апхуэдэт.

- Политикхэмрэ артистхэмрэ къищынэмыщІауэ, пфІэгъэщІэгъуэну хэт ущрихьэлІа абы?

- Апхуэдэ цІыхухэр щыкуэдащ щІалэгъуалэ зэхьхьэм. Псалъэм папщІэ, абыхэм ящыщщ, бгъэдэлъ ныкъуэдыкъуэгъэм емылъытауэ, гъащІэм хуиІэ лъагъуныгъэмрэ гушхуэныгъэмкІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа Вуйчич Ник. Ауэ абы и зэІущІэм, си жагъуэ зэрыхъунщи, орихьэлІакъым.

Апхуэдэуи щІалэ дыдэу мыльхъушхуэ зэрагъэпэщауэ, «Форбс» журналым иратха зыбжани щыІащ абы.

- Уи гупсысэм зезыгъэхъуэжа Іуэху е зэІущІэ ухэта?

- Дипломат ныбжьыщІэхэм я дунейпсо зэІущІэм сыхэтащ. Абы цІыху 178-рэ щІэсащ, дэтхэнэр къэрал щхьэхуэм и лІыкІуэу. Ахэр тепсэльыхьырт дунейм кьыщыІтэ Іуэхухэм, терроризмэм, экономикэм, егъэджэныгъэм. Ахэр сэ си ныбжьу арат, ауэ дунейпсо Іуэхухэр зэрагъэзахуэу, абы и «Гъурри и цІынэри» ящІэу тепсэльыхьырт. Сыкъэзыухъуреихь цІыхухэмрэ сэрэ нэхъыбэу сериалхэмрэ щІыуэпсымрэщ дызытепсэльыхьыр. А зэІущІэм куэдым сригъэгупсысащ.

- Фестивалым щыІа щІалэгъуалэр сытыт нэхъыбэу зыгъэпІейтейр?

- Абы щыІа щІалэгъуалэр япэу зыщІэупщІэр узителъхьэ партырщ: ижьыра хьэмэрэ сэмэгура. Ди къэралым политикэ щІэныгъэр икъукІэ щыпІалъхьащэщ. Хуабжьу сфІэгъэщІэгъуэн хъуат фестивалым щыІахэр Сталиныморэ Лениныморэ ятепсэльыхьу щызэхэсхам. Ди къэралым абыхэм я гугъу апхуэдизрэ щащІыркъым. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикІа щІалэгъуалэр ззэгъэщІыхьну сыхуеяти, сарихьэлІакъым.

- Германием къикІахэм уарихьэлІа?

- НгІэ. Си ныбжьэгъу Кучуковэ Джамилэ нэмыцэхэм я щэнхабзэм дихьэхырти, Іуэху тщІыри, Германием къикІахэр къэтлъыхьуащ. УдэпцІэм хэсгуп дахэм дабгъэдыхьэу епсэлъэн щІэддза и ужькІи ахэр къызэрымытэджар хуабжьу ди жагъуэ хъуат. Дэ апхуэдэутэкъым дызэресар...

- ДызэрыщыгъуаззмкІэ, КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий щІалэгъуалэ зэхьхьэм щыхьэщІащ. Дауэ ар зэревгъэблэгъар?

- Лъэпкъ фащэкІэ дыхуэпащэкъуэпхъащ, джэгу инкІэ кьедгъэблэгъащ ректорыр. Ди лъэпкъ фащэкІэ екІур дэнэкІи къыщыхуэщІыри, куэдым гу къыльатэрт. Италием къикІа хъыджэбзхэр къыдбгъэдыхьэурэ яфІэгъэщІэгъуэну дызэпаплъыхьырт.

- Сыт хуэдэ гупсысэ къыхэпха а зэхьхьэм?

- Псом нэхърэ нэхъапэращи, зыбжьыбэщи, уи зэфІэкІым сыт щыгъуи хэбгъэхъуэн зэрыхуейращ. Абы къэкІуэлІа щІалэгъуалэм зетлъытмэ, махуэ къэс щІа гуэр хэпщІэным дыхуеГъэІущ. Фестивалым сымыкІуэ щІыкІэ лъэпощхьэпо гуэр сыІущІамэ, къэралым сыхуэшхьдэрт, уеблэмэ абы сикІынми сынэсу. «Сыхуейкъым апхуэдэ псэукІэ» - жысІэрт. Иджы сэ фІыуэ къызгурыІуащ, хъуэжьын хуейр ущыпсэу кэралыр зэрыармырар, атІэ абы уигу иримыкъу хэлъырщ. Дыкъыщалъхуа къуажэр, къалэр, къэралыр едгъэфІэкІуэным дэтхэнэри дыхущІэкъупхъэщ - аращ екъуІэныгъэм и щхэр.

ІЭПЩЭ Иннэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэм и лжьэкІуэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Афиян ищэрт

КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэр хабзэншагъэкІэ зэрырагъэкІым кІэлъыплъынымкІэ и управленэм и полицейхэм къалэрыхьа хъыбарыр щызэхагъэкІым яубыдащ нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 28-рэ зи ныбжь налшыкдэсыр.

ЭКСПЕРТИЗЭМ къызэригъэлъэгъуамкІэ, марихуанэ наркотикхэкІ грамм 1,5-рэ, трамадол грамм 12 иІыгът щІалэм.

Полицейхэм щэч зыхуащІыр зэрызекІуэ ВАЗ-2114 автомашинэр къыщащІым, абы иджыри кьыкъуахащ трамадол таблеткэ 375-рэ (грамми 180-рэ).

ЦІыхухъур яубыдащ, уголовнэ Іэзху къаІэтащ.

Я щІалэгъуэу къыщІэхуащ

Мы гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м жэщ ныкъуэм Прохладнэ къалэм бзаджащІитІ щытеуащ щІыпІэм щыпсэу, илъэс 36-рэ хъу цІыхум икІи и жып телефонымрэ ахъшэрэ Іэщ1ахащ.

УЭРАМЫМ къыщыхъуам гу лъызыта къалэдэсхэм псынщІэу полицэм хъыбар ирагъэщІащ. ЩІыпІэм къэкІуа участковэ уполномоченнэм бзаджащІитым я зыр иубыдащ. ДакъикъипщІ дэкІаяу етІуанэр яубыдащ участковэхэмрэ плъырпост къулыкъым и гупымрэ.

Щэч зыхуащІ зэныбжьэгъуэхэм, илъэс 19, 18 хъуэхм, ятеуха уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэм.

● Тхылъыщ1э

Джылахъстэнейм и псэукІэм ухегъэгъуазэ

Котляровэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ «Малая Кабарда в годы становления и развития социализма» фІэщыгъэм щІэт тхылъыр. Беслъэней Владимир и Іэдакъэ къыщІэкІа а тхылъыр хуэгъэпсащ зи гугъу ящІ лъэхъэнэм Тэрч щыІалъэм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм.

ТХЫЛЪ тедзапІэм и унафэщІ Котляров Виктор а тхылъым теухуауэ мыращ жиІэр:

- Совет властым и лъэхъэнэм ящІа псори ди зэманым къемызэгъыжу къалъытэ. А лъэхъэнэ хьэлъэр иджыри къыздэсым нэсу тхыдэм къыщыгъэлъэгъуэжа хъуакъым, абы щыгъуэ къэхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм фІыуи Іейуи хэлъаХэм тепсэльыхьын къахэкІакъым. Беслъэней Владимир и тхылъым а псоми зэхэхауэ я гугъу щещІ. Дэфтэр тхыгъэхэр и тегъэщІапІэу абы хуэзфІэкІащ совет лъэхъэнэм Джылахъстэнейм и псэукІар зэфІигъэувжьын.

Тэрч районыр ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и япэ административнэ щІынальэхэм. 1985 гъэм и щІышылэ мазэм абы промышленнэ предприятэу 7 щылажьэрт: налмэс заводым союзпсо, предприятитхум республикэпсо, зым щІынальэ мыхьэнэ иІэт. ЩІынальэм ит колхоз 11-мрэ совхозиблымрэ щІыуэ гектар 73420-рэ яІыгът.

Районым иц цІыхухэм медицинэ Іуэхущ1апІэ 36-м Іуэхутхьэбзэхэр къыщыхуащІыт. 1983 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу щІынальэм къыщІэкІащ 10578-рэ щІэныгъэ щрагъэтхьэтыр. ЩэнхабзэуэзщІыныгъэ лэжьыгъэм ехъулІэрт щэнхабзэмкІэ унэ 15-р, къуажэ библиотекэхэр. Къуажищым тхыдэ-лъахэхутэ музейхэр дэтт.

Тэрч районым и цІыхухэр зэрыпсэуамрэ абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм хуащІа хэлъхьэныгъэфІымрэ лъэныкъуэ куэдкІэ уи фІэщ ещІыф тхылъыр зи Іэдакъэщ1кІ Беслъэней Владимир. Къэпльытэ хъунущ а къыдэкІыгъуэр а щІынальэм щыпсэуа пэжьакІуэбзм я гъащІэм и щІэнгъуаззу.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.



«Іуащхьэмахуэ-Азау» бгы къежэхыпІэ-зыгъэпсэхупІэм XX лІэщІыгъуэм икуэм лэжьэн щІидзащ. Азау хуейм кІапсэ гъэгухэм я станцитІ щыІэщ, иджыри зы яхуэ.

Азау хьэщІэщ, турбазэ, шхапІэ куэд щыІэщ. Мы хуейр гъэм и сыт хуэдэ зэмани псэгъэгуфІэщ: щыІмахуэм уэсымрэ псей щхъуантІэхэмрэ нэр ящогуфІыкІ, гъэмахуэм нэхъ дахэжщ, удэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ алэрыбгъуэм хуэдэу «зэІущащи». Мыбы мэз, мылым къыщІэж псы къабзэ зэрыщыІэр хэплъхьэжмэ, цІыхухэр къыщІыдихьэхыфыр гурыІуэгъуэщ. ЩэкІуэгъуэ мазэм щыщІэдзауэ уэсыр Іуву телъщи, мы щІыпІэр я кІуапІэщ бгым лъыжэкІэ къежэхын зыфІэфІхэм.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
Хьэфыцl Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (экуэун зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуту зэпыту щытхьым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Жыласэ Маритэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1548